

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan *Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince*

Mwa avril rive jen 2012

43

*Texte en français : voir pages 3 et 8
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

Rapò 43 – Rapport 43

Pòtoprens 12 jiyè 2012

Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, pou Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Li kontan prezante **43yèm rapò** li fin prepare sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd **mwa avril rive mwa jen 2012. Tandans pou vyolans lan vin pi plis nan zòn metwopoliten an kontinye. Sitou nan mwa me ak jen te genyen plis vyolans ak zam. Chak jou, nan zòn metwopolitèn nan, ant 2 ak 3 moun pèdi vi yo anba vyolans.** Pi fò nan yo, se zam ki touye yo. Toujou, genyen brakaj, òldòp ak vòl k ap fèt ak zam.

Depi Komisyon Jistis ak Lapè ap fè travay sila a, nan 10 lane li dokimante 7.574 ka moun ki pèdi vi yo anba vyolans, 5.574 nan yo se anba vyolans ak zam. Sa se 73,60 %. Chak trimès Komisyon an ap fè pwopozisyon bay otorite yo. Chak trimès, Komisyon an mande pou yo fè ankèt serye sou krim sa yo, pou yo pini koupab yo jan lalwa mande sa. Men, vyolans lan pa parèt tankou yon gwo priyorite pou otorite yo. Diskou pa manke, men yon politik sekirite piblik manke.

Nan mwa avril nou te mande : **Eske genyen yon volonte politik ?** Komisyon an pa kwè se ak represyon, ak pi plis zam, ak yon lame y ap kapab kreye sekirite. Paske, lè n gade byen, se twòp enpinite ki genyen. Menm sous ak kòz zak ensekirite yo pa janm detèmine yon fason klè.

Refleksyon n jodi a poze kesyon lajistis nan zafè lit kont ensekirite ak vyolans. **Komisyon an panse pou genyen yon klima sekirite nan peyi a, dwe genyen jistis ak verite ki blayi nan tribinal yo, epi dwe genyen pi plis jistis sosyal nan mitan sitwayen ak sitwayèn yo. Otorite yo dwe montre yo genyen kapasite ak volonte pou reyalize sa.**

Sekretarya Komisyon an ap remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye enfòmasyon yo, tankou HUEH ak PNH.

Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsì pou atansyon n ap bay 43yèm rapò sila a.

Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue respectueusement. Elle a l'honneur de vous présenter **son 43^{ème} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine** de Port-au-Prince. Ce rapport couvre la période **d'avril à juin 2012. La tendance à l'augmentation de la violence dans la capitale se confirme. Par jour, entre 2 et 3 personnes continuent à perdre la vie de façon violente; la plupart des personnes sont des victimes de la violence armée. D'autres formes de violence répandues sont les braquages, holdups et vols à main armée.**

La Commission Justice et Paix a commencé ce travail, il y a 10 ans. Ainsi elle a enregistré 7.574 cas de mort violente. Dont 5.750 sont des victimes de la violence armée ; c'est-à-dire 73,60 %. Chaque trimestre la Commission présente aux autorités des suggestions pour contribuer à un climat plus sécuritaire. Chaque trimestre la Commission demande que la Justice fasse des enquêtes sérieuses et sanctionne les coupables selon la loi. Mais la question de la violence n'apparaît pas comme une importante priorité pour nos décideurs. Les discours ne manquent pas, mais il n'y a pas une politique de sécurité publique.

Au mois d'avril nous nous sommes posés la question : **Y a-t-il une volonté politique pour combattre la violence ?** La Commission ne croit pas que les moyens les plus efficaces pour combattre la violence et créer un climat sécuritaire soient la répression, davantage d'armements, ou même la mise sur pied d'une armée. Une bonne observation montre l'omniprésence de l'impunité. Même les sources de la violence n'ont jamais été déterminées de façon claire.

Les réflexions de ce rapport posent la question du rôle de la justice dans la lutte contre l'insécurité et la violence. La Commission Justice et Paix croit que pour créer un climat sécuritaire dans le pays, **il faut davantage de justice et de vérité dans les tribunaux, puis il faut des relations de justice sociale entre les citoyens et citoyennes. Les autorités doivent faire preuve de volonté et de capacité pour leur réalisation.**

Le secrétariat de la Commission remercie les instances qui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce rapport.

P. Jan Hanssens, Directeur national

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsod, Enquêteur responsable
Analiz ak kòmantè

43yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Nan 3 mwa te genyen 307 viktim anba vyolans. Nan peryòd anvan sete 293.

212 viktim te tonbe anba bal. Nan peryòd anvan an se te 190. Gen yon tandans pou vyolans, sitou vyolans ak zam ogmante. 7 polisye ak yon militè Ministah twouve yo pami viktim yo.

Vyolans bandi ki nan gang pa janm sispann. Nou pale sou ka yo te kab idantifye konsa, paske pou anpil asasina yo pa konnen kilès ki otè a.

Vyolans nan kèk katye ap grandi tou, tankou : Kafou, Matisan, zòn anba lavil ak Site Solèy.

Moun ki mouri anba jistis popilè a vin plis tou: 24. Nan peryòd anvan an sete 18. Yo asasinen 6 moun sou etikèt vòlò.

Diferan konsta sa yo montre vyolans ki oganize a se yon menas serye. Lapolis rete yon lènni pou kèk gwoup ak zam. Depi kòmansman ane a, 11 polisye pèdi vi yo. Sa vle di 3 polisye tonbe chak 2 semèn. Kòm fòs sekirite ki genyen nan peyi a, lapolis merite jwenn tout atansyon ki nesèsè lakay otorite Leta yo ki pou pèmèt li ranfòse tèt li.

Viktim aksidan yo pa vreman bese. 32 moun mouri nan vyolans aksidan yo nan 3 mwa sa yo. Nan peryòd anvan an sete 62, men pi fò viktim sa yo se viktim yon sèl aksidan yo te ye nan mwa janvyè, sou wout Dèlma. Men depi aksidan an fin fèt, sa fè 6 mwa kounye a, moun pa tande anyen ankò sou li. Tout kesyon rete san pa gen repons. Ki sa k te lakòz li? Eske yo konn kilès ki te chofè kamyon an? Kilès ki mèt li? Ki sa k te rive ojis? Ki ankèt y ap mennen pou jwenn yon repons sou diferan kesyon sa yo?

Sa se kèk konsta nou fè. Konviksyon nou : **si pa gen volonte politik, toujou ap genyen ensekirite**. Se konsa tou, **lè Lajistis peyi a pa fè travay li, pa kab genyen yon lit kont ensekirite a kòm sa dwa**.

Kòm kòmantè nou repwodui entèvansyon Mèt Appolon Rovelsond te fè nan jounen pòt toulouvri, Jilap Achipo (Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens) te reyalize nan dat 11 jiyè 2012 la.

Lajistis dwe reponn sou koze vyolans lan

Tout sosyete ki fèt pou moun dwe genyen tankou mak fabrik respè lalwa ki gide l pou pwoteje diyite manm li yo.

Republik peyi d Ayiti a, pandan plizyè dizèn ane, konnen yon kriz sistèm popitik ak sosyal ki destabiize enstitisyon li yo, ki fè yo pa kapab reponn sèvis piblik yo dwe bay la. Tout sa detwi avansman peyi a te tanmen fè yo.

Elit yo genyen gwo pwoblèm pou di aklè ki peyi yo vle kote yo trete moun jan diyite yo mande sa.

Sekretraya Nasyonal Jistis ak Lapè a ansanm ak Komisyon Achidyosèz Pòtoprens la, depi plis pase 10 lane, ap reyalize yon obsèvasyon sistematik vyolans la nan zòn metwopoliten nan. Premye rezon se bay respè diyite moun jarèt, nan rive konprann lè yo touye yon moun se dwa pou l viv yo pa respekte. Chak krim se sa li ye menm.

Obsève epi fè rapò sou moun ki viktim asasinay se aktivite ki sèvi pou denonse vyolans ki bay moun kè kase, tandiske yo fèt pou viv ansanm nan lapè.

Genyen yon mank jistis ki mache ansanm ak vyolans la, sa fè lit kont vyolans difisil anpil. Gen kat (4) bagay pou n konsidere nan kesyon sa a.

- Lit kont enpinite a ;
- Ankèt lajistis fè ki pa efikas ;
- Pouvwa jidisyè pa vreman granmoun tèt li ;
- Afè jistis sosyal ki pa genyen.

Batay kont enpinite a

Li nòmal pou tout kote moun dwe viv ansanm y ap lite kont enpinite a. Enpinite a montre sistèm jidisyè a pa mache, paske li pa ale pi lwen pase bèl diskou pou fè moun plezi. Otorite lajistis pa rive pote repons ak zafè enpinite a k ap kankannen tout pati ki nan sosyete a.

Enpinite a parèt ak awogans kòm byen òganize. Sa blese sitwayen ak sitwayèn yo nan fon konsyans yo lè yo wè pa gen jistis kote lajistis ta dwe bay yon swivi.

Depi 10 lane, Komisyon Jistis ak Lapè te siyale bay otorite yo ak sosyete a **7.574 ka moun ki mouri ak vyolans, 5.574 nan yo se vyolans ak bal**. Jis jounen jodi a, lajistis pa reyisi konsidere ka moun sa yo yo te asasinan yon fason brital.

Sa n dwe wè, anndan sistèm jidisyè a pa genyen yon vrè motivasyon oswa volonte politik pou fè laverite parèt epi pou aplike tout règ ak prensip lalwa te defini pou pwoteje sosyete a.

Krim yo ak kriminalite pase lalwa nan tenten paske pa gen yon ankèt efikas k ap fèt. Mete sou sa koripsyon an ki montre pa gen sanksyon legal ki pran menm. Santiman enpinite a fè genyen plis kriminalite ; kriminalite fè moun pa fè moun konfyans ; mank konfyans sa a ap detwi kominote a, epi, li menm ap ranfòse kèk aspè negatif ki genyen anndan kilti pèp ayisyen an.

Nou dwe deside pou onore chak jou memwa moun yo te asasinen nan zak vyolans, pou fè lajistis ranpòte laviktwa pou fè nou pa mache nan yon sosyete kote pa gen sanksyon, kote yo pa respekte moun, kote yo pa garanti dwa lavi moun genyen.

Travay pou yo respekte diyite moun ak dwa moun genyen, se yon obligasyon Leta genyen.

Ankèt la pa janm abouti

Yon ankèt se yon zouti pou analize epi pou konprann yon evènman ki te pase, ki mande yo klarifye l. Li pa fasil pou yon ankèt lapolis oswa lajistis ap fè rive nan yon konklizyon. Plizyè milye ka vyolans ta mande yon ankèt pou montre sa k lakòz, men yo pa janm rive nan yon konklizyon oswa yon jijman. Se sa k fè sitwayen yo vin pa gen konfyans, epi yo pa ap tann jistis ankò ; yo konn menm chèche lòt chimen pou fè tèt yo jistis : kit se jistis popilè, kit se jistis ou pa kab verifye tankou pwazon ak mwayen majik.

Yon ankèt genyen règ ak kondisyon pou l byen fèt. Nou pran kòm egzanp : plizyè moun viktim anba bal nan lari kapital la. Selon prensip lalwa mete nan atik 33, 34, ak selon sa k ekri nan kòd enstriksyon kriminel la, okenn moun pa genyen dwa retire kò viktim nan san tout aktè ki dwe la pou fè konsta yo pa prezan sou plas. Kote krim nan fèt la enpòtan anpil pou fè tout analiz ki genyen rapò ak yon lamò ki fèt ak vyolans. Jis nan moman sa a, otorite yo pa pran okenn mezi pou mete prensip sa yo an plas.

Otorite yo pa montre okenn volonte pou fè ankèt serye ; yo pa enterese pou kreye kondisyon yo ki dwe la pou reyalize yo. Sa se yon movèz politik ki pa ede yon sosyete demokratik vanse.

Pouvwa Jidisyè a pa granmoun tèt li

Pale sou endepandans Pouvwa Jidisyè a se pale sou jij yo ki dwe kapab deside yon fason lib, nan nanm ak konsyans yo, selon sa lalwa mande, nan non Repiblik la. Twò souvan jij yo kwense devan enterè politik yo ki fè presyon sou yo. Sitiyasyon sa a detwi sistèm jidisyè peyi a, li kreye gwo enstabilite, li fè moun pa kab jwenn jistis nan kè poze ak yon fason efikas.

Lajistis dwe garanti Eta dedwa a, se li k fè yon nasyon vanse. Enpinite ak koripsyon okontrè, fè l desann pi ba nan twou. Dwe genyen yon klima konfyans nan peyi a kote moun yo andwa espere yon denmen miyò pou tout moun. Pou sa fèt, yo dwe ranfòse enstitisyon yo ki mache ak Repiblik la, sitou enstitisyon jidisyè yo.

Vyolans ak jistis sosyal

Enjistis sosyal pou kont kò l deja yon vyolans ak yon vyolasyon dwa moun. Reyalite sosyal ak ekonomik peyi a ap viv bay anpil tèt chaje. Chomaj la pa t janm wo konsa ; moun pa gen kapasite pou achte sa yo bezwen, distans sosyal nan sosyete a se pa pale. 70% tout richès peyi a nan men yon ti gwoup moun k ap dominen tout bagay.

Enjistis sosyal toujou mennen nan vyolans. Ki jan moun kapab viv ak pi piti pase yon dola chak jou ? Si n mande pou Leta genyen yon politik nan domèn krim, sa vle di tou Leta dwe genyen yon politik sosyal kòrèk ki ede popilasyon an, sitou jèn yo, rezoud pwoblèm li genyen yo. Yon bon politik sosyal se yon faktè ki frennen move konsekans vyolans kab genyen.

Li nesèsè pou yo kreye aktivite sosyal, ekonomik ak pwofesyonèl nan katye popilè yo pou pèmèt moun yo konsidere lavi a yon lòt jan, san yo pa bezwen sèvi ak vyolans pou chanje kondisyon lavi yo.

Men ki sa Komisyon an rekòmande

- Otorite politik ak jidisyè yo dwe respekte, aplike epi fè tout moun aplike lawa.
- Yo dwe fè DCPJ vin pi konpetan nan zafè ankèt ; yo dwe fè lòt inite nan PNH la tou vin pi konpetan lè yo fè entèvansyon pou garanti lapè sosyal.
- Yo dwe mete ajou fichye kote yo rejistre tout enfòmasyon sou sitwayen ki genyen rapò ak kondanasyon ni ak krim yo te fè.
- Lajistis dwe rive fè jijman epi pran sanksyon vrè lè yo dekouvri yon moun koupab. Sa se yon gwo nesèsite.
- Yo dwe mete sou pye yon kad legal ki kòrèk, ki ajou, epi yo dwe fè yon kontwòl reyèl sou moun ki pote zam afe.
- Leta dwe mete sou pye yon politik pou satisfè dwa sosyal ak ekonomik popilasyon an.

Komisyon Jistis ak Lapè a ap fè obsèvasyon nan zòn metwopolitèn nan depi 10 lane. Li mande pou otorite jidisyè ak polisye yo pou yo kominike aklè ki rezilta yo te jwenn pou tout ankèt yo te mennen sou viktim diferan vyolans ki te genyen nan epòk sa a.

Me. Rovelsond Apollon
Manm JILAP
Port-au-Prince, 11 juillet 2012

Analyse et commentaires 43^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine

Au cours du trimestre nous avons observé 307 cas de victime de violence. Pendant la période antérieure, il y avait 293 cas. 212 tués par balles. Pendant la période antérieure, on dénombrait 190 cas. Il y a une tendance de violence, sur la violence criminelle qui augmente ; 7 agents de police et un militaire de la MINUSTHA se retrouvent parmi les victimes.

La violence des gangs ne cesse pas. Nous parlons des cas qui permettaient d'être identifiés de la sorte, car nombreux sont les personnes tuées et dont on ignore les auteurs.

La violence grandit également dans certaines zones comme : Carrefour, Martissant, le Centre ville et Cité Soleil. Les cas de justice populaire augmentent : 24 personnes lynchés pour le trimestre ; pour la période précédente, on dénombrait 18 victimes. 6 personnes ont été tuées pour une question de vol.

Plusieurs constats montrent que la violence organisée reste une menace sérieuse. La police reste pour certains toujours un ennemi à abattre. Depuis le commencement de l'année, 11 policiers ont été assassinés, cela porte le nombre à 3 chaque deux semaines. Comme force de sécurité publique, l'institution policière doit jouir de toute attention possible de la part des autorités de l'Etat en ce qui a trait à son renforcement.

Les cas de morts par accident ne baissent pas : 32 victimes au cours du trimestre. Pendant la période précédente, elles étaient 62, mais la majorité des cas sont tombés suite à l'accident qui s'est produit sur l'autoroute de Delmas au mois de janvier de cette année. Par contre, 6 mois plus tard, on n'entend plus rien de cet accident : Quelle en était la cause ? Est-ce qu'on connaît le chauffeur du camion ? Son propriétaire ? Y a-t-il une enquête qui portera des conclusions ?

Ceci sont des constats. Notre conviction est que : **sans la volonté politique, l'insécurité restera.** De la même façon, **quand la Justice ne fait pas son travail, il n'y aura pas de lutte véritable contre l'impunité.**

Pour commentaire, le rapport reprend l'intervention présentée par Me. Rovelsond Apollon lors de la journée porte ouverte de Jilap Archipo (Commission archidiocésaine de Port-au-Prince), le 11 juillet 2012.

A la violence la Justice doit agir

Toute société vraiment humaine devrait avoir pour image de marque la loi comme fil conducteur pour protéger la dignité de ses membres.

La République d'Haïti connaît depuis plusieurs décennies une crise systémique qui a profondément déstabilisé ses institutions en matière de services publics. Tout ceci tend à saper les avancés qui avaient été réalisés dans le temps.

L'élite tant au niveau politique qu'économique peine toujours à dégager une vision de société où l'être humain serait traité à la hauteur de sa dignité.

Le Secrétariat National de concert avec la Commission Archidiocésaine Justice et Paix de Port-au-Prince réalisent depuis dix ans l'observation systématique de la violence, la première motivation pour ce travail est de contribuer au respect de la dignité de la personne humaine en rendant compte de cette grave violation au droit à la vie que constitue chaque crime commis. Car chaque crime constitue un manque de respect pour la personne humaine.

L'observation et le rapport sur les personnes assassinées sont des activités qui permettent de dénoncer la violence qui ne porte pas bonheur au bien être des citoyens et citoyennes qui ont comme vocation de vivre ensemble dans la paix.

Le manque de justice qui entoure la violence en Haïti, rend la lutte contre la violence extrêmement difficile. Quatre facteurs sont à considérer.

- La lutte contre l'impunité
- Le manque d'efficacité des enquêtes judiciaires
- La dépendance du pouvoir judiciaire des autres pouvoirs
- La question de la justice sociale.

La lutte contre l'impunité

La répression de l'impunité s'impose comme une obligation dans toute société humaine. L'impunité montre le dysfonctionnement de l'appareil judiciaire, qui se limite à des discours pour amuser la galerie. Les autorités judiciaires peinent à avoir une réponse adéquate à cette impunité qui traverse toute les strates de la société haïtienne.

L'arrogance de l'impunité est devenue institutionnelle. Les citoyens et citoyennes se sentent toujours blessés dans leur for intérieur quand ils voient l'absence de la justice dans des situations qui méritent d'avoir des suivis judiciaires.

Pendant 10 ans, la Commission Justice et Paix a signalé aux autorités étatiques et à la société en générale le nombre de **7.574 cas de violence dont 5.574 sont des cas de violences criminelles** perpétrés avec des armes. Jusqu'à présent, la justice n'arrive pas à traiter le cas de ces personnes tuées brutalement.

Ce qu'il faut voir, c'est l'absence d'une motivation réelle ou d'une volonté politique au niveau du système judiciaire pour faire jaillir la vérité en appliquant les règles et principes édictés par la loi dans l'idée de protéger la société.

Les crimes et la criminalité défient l'ordre de la loi, l'absence d'enquête efficace. Ajoute à cela le poids de la corruption qui fait écran à toutes sanctions légales. Le sentiment d'impunité

augmente la criminalité et la criminalité entraîne la méfiance, qui produit un effet dévastateur sur la communauté et qui renforce certains aspects négatifs de la culture haïtienne.

Quotidiennement il faut faire le choix d'honorer la mémoire des tués dans des actes de violence et de faire triompher la justice, afin de ne pas marcher vers une société sans sanction, sans respect des personnes, ou même le droit à la vie n'est plus garantie.

Travailler au respect rigoureux de la dignité et des Droits de la Personne Humaine est une obligation de l'Etat.

L'enquête se poursuit

L'enquête est le moyen pour analyser et comprendre un fait qui s'est produit et qui demande d'être élucidé. Rares sont les enquêtes policières et judiciaires qui arrivent à leur conclusion.

Des milliers de cas de violence qui exigeraient des enquêtes pour déterminer leur cause n'arrivent pas à une conclusion et jugement. Ceci entraîne la méfiance des citoyens et citoyennes dans leur attente de justice, et peut également mener à la recherche d'autres voies pour se faire justice : soit par la justice populaire, soit par des formes de justice qui ne sont pas vérifiables, comme le poison et le recours aux moyens magiques.

L'enquête a évidemment ses règles et conditions. A titre d'illustration : plusieurs personnes sont décédées par balle à travers les rues de la zone métropolitaine ; suivant les principes légaux, la levée de corps doit se faire avec le concours de tous les acteurs qui doivent s'impliquer en la circonstance, au terme des articles 33 et suivants du code d'instruction criminelle. La scène du crime est capitale pour effectuer les analyses relatives à l'enquête sur un cas de mort violente ; mais jusqu'à présent aucune disposition n'est prise pour la mise en place de ces normes.

Il est clair que les autorités ne manifestent pas de volonté à faire des enquêtes et ne s'intéressent pas à créer de conditions adéquates pour les effectuer. C'est en encore de la mauvaise politique qui ne fait pas l'économie d'une société démocratique.

La dépendance du Pouvoir Judiciaire

Parler de la dépendance du Pouvoir Judiciaire renvoie au constat que le Magistrat n'a pas la faculté de décider librement dans son âme et conscience, en appliquant la loi, au nom de la République. Le Magistrat se trouve trop souvent coincé par des intérêts politiques. Cette situation entraîne malheureusement la débâcle de notre système de justice et débouche sur une grande instabilité qui crée un obstacle majeur qui empêche l'accès à la justice véritablement.

La justice est gardienne de l'Etat de droit, car elle élève une nation ; l'impunité et la corruption, par contre, la rabaisse de son niveau. Le climat de confiance où les gens peuvent espérer un demain meilleur pour tous et pour toutes doit être rétabli, ceci doit se faire dans la consolidation de nos institutions républicaines, particulièrement les institutions judiciaires.

Violence et justice sociale

L'injustice sociale est une violence et une violation des droits. La réalité socioéconomique dans le pays est préoccupante, le taux de chômage se situe à un niveau record, pas de pouvoir d'achat, la disparité sociale est criante. A ce titre, 70% de la richesse du pays se retrouve entre les mains d'une minorité dominante.

L'injustice sociale mène à la violence, il est inconcevable pour que les gens puissent vivre avec moins d'un dollar américain (42 gourdes) par jour. Parler de la politique criminelle sous entend que l'Etat à la mission de conjuguer une bonne politique sociale pour assouplir les difficultés que connaissent les citoyens et citoyennes, surtout les jeunes. La prévention sociale est fondamentalement un facteur limitant les effets de la violence.

Créer des activités socioéconomiques et professionnelles dans les bidonvilles devrait constituer une grande priorité pour permettre aux gens de voir leur vie autrement, sans toutefois recourir à la violence comme alternative.

Les recommandations de la Commission Justice et Paix

- Il faut que les autorités politiques et judiciaires respectent, appliquent et font appliquer la loi.
- Il faut rendre plus performant la DCPJ en matière d'enquête et rendre aussi plus professionnel les autres unités de la PNH en matière d'intervention pour garantir l'ordre social.
- Il faut un fichier actualisé qui contient des informations sur les condamnations et autres infractions qui concernent les citoyens impliqués.
- Il est impératif que la justice aboutisse à des jugements et sanctions effectives une fois la culpabilité est établie.
- Il faut un cadre légal correct et actualisé, et un contrôle effectif sur le port des armes à feu.
- Il faut une politique de satisfaction des droits socioéconomiques.

La Commission Justice et Paix, après 10 ans d'observation à travers la zone métropolitaine, demande aux autorités judiciaires et policières d'apporter leurs conclusions sur des enquêtes menées sur les victimes de la violence.

Me. Rovelsond Apollon
Membre JILAP
Port-au-Prince, 11 juillet 2012

**Fason nou analize krim ak asasinay yo nan Pòtoprens
Tableau synthèse des crimes à Port-au-Prince**

		Mwa avril 80 viktim	Mwa me 118 viktim	Mwa jen 109 viktim
1. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		4 polisye	2 polisye	1 polisye + 1 militè Minustah
Fanm ki viktim		12 fanm	8 fanm	11 fanm
Timoun ki viktim		1 timoun	-	1 timoun
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		25	51	29
2. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		52	88	72
	Moun ki mouri ak bal lapolis/Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis /Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	7	14	10
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	45	74	62
Moun ki touye tèt yo		-	2	3
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		7	9	8
Moun ki mouri nan aksidan		9	15	8
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		12	4	18
3. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		1	7	-
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1, zòn Site Militè		7	10	7
Zòn Kafou		3	11	9
Gran Ravin ak Matisan		2	3	3
Petyonvil, wout Frè		4	5	9
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		15	8	15
4. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		3	1	2
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan
pou mwa avril 2012**

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki kote, zòn, katye	Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase
Dimanch 1avril 2012, nan lajounen	Alphonse Sainthilmond	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak kout kouto . Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 1avril 2012, nan lajounen	Adonis Venel	Pòtoprens, Ri Dikè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Dimanch 1avril 2012, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Monseyè Giyou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Lendi 2 avril 2012 nan maten	2 moun: -Frantz Jeanty -Richardeson Pierre Louis	Pòtoprens, Pòs Machan	Nèg ak zam ki sou moto yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè bal .
Lendi 2 avril 2012 nan lajounen	Petit homme Phanord	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal . Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 3 avril 2012 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Makajou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Madi 3 avril 2012 nan lajounen	Senatus Elvilhomme	Pòtoprens, Ri Wout Pis	Viktim nan mouri nan aksidan machin k ap sikile.
Madi 3 avril 2012 nan lajounen	Phanord Petit	Pòtoprens, Ayewopó	Viktim nan mouri nan aksidan machin k ap sikile.
Madi 3 avril 2012 nan lapremidi	Jean Noel Osnel	Pòtoprens, Ri Sentan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Madi 3 avril 2012 nan lajounen	Denis Harold	Pòtoprens, zòn Pótay	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Mèkredi 4 avril 2011 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Dèlma, Dèlma 19	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 5 avril 2012, nan lajounen	Carmène Clerveau Jean Francois, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Viktim nan mouri nan aksidan machin k ap sikile. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 5 avril 2012, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Fontamara 27	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 5 avril 2012, nan maten	André Guilliano	Pòtoprens, Ri Disant	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 5 avril 2012, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Dèmira	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 5 avril 2012, nan maten	Roseval Babel	Dèlma, Dèlma 75	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Samdi 7 avril 2012 nan lajounen	Timèmène, yon fanm	Pòtoprens, Ri Dèpisèl	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .

Dimanch 8 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 8 avril 2012 nan lajounen	Bien Aimé Clifford	Pòtoprens, Ayewopó	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Dimanch 8 avril 2012 nan lajounen	Marie Satie Denis, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 9 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Wout Dèdal	Viktim nan mouri nan aksidan machin k ap sikile.
Madi 10 avril 2012 nan lajounen	Mecene Jean Joseph	Pòtoprens, Ri Antèman	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Madi 10 avril 2012 nan lajounen	2 jèn gason yo pa idantifye	Kafou, Twitye	Yo lapide viktim yo anba akizasyon vóló.
Madi 10 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lasalin	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Mèkredi 11 avril 2012 nan maten	Onel Pierre	Pòtoprens, Kazo	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Mèkredi 11 avril 2012 nan maten	Ander Charles	Pòtoprens, Ri Dèranpa	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Vandredi 13 avril 2012 nan maten	Yon ti bebe	Dèlma, Dèlma 19	Yo jwenn ti kò viktim nan abandone nan lari, kòz lanmòl pat detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 14 avril 2012 nan lajounen	Fleurant Dieuseul	Petyon vil	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Samdi 14 avril 2012 nan lajounen	Gina Joachim, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 14 avril 2012 nan lajounen	Tipoupouche	Pòtoprens, Matisan	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Samdi 14 avril 2012 nan lajounen	Frantzo	Petyon vil	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Lendi 16 avril 2012 nan lapremidi	yon fanm yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Monseyé Giyou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Lendi 16 avril 2012 nan lapremidi	Pierre Louis Arnold, yon polisye	Pòtoprens, Ri Timas	Nan moman viktim nan desann machin li pou l debloke sikilasyon machin ki bay blokis. Nèg ak zam sou moto yo pa idantifye touye l ak plizyè bal .
Lendi 16 avril 2012 nan lapremidi	Ipasse Pierre, yon polisye	Dèlma, Dèlma 3	Nan viktim nan sot pran lajan labank, Nèg ak zam sou moto yo pa idantifye touye l ak plizyè bal .
Lendi 16 avril 2012 nan lapremidi	Donna Jean Petyon	Dèlma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .

Madi 17 avril 2012 nan lapremidi	Cliff Perou	Pòtoprens, Wout Pis	Viktim nan mouri nan aksidan machin k ap sikile.
Madi 17 avril 2012 nan lapremidi	Walky Calixte, yon polisye	Pòtoprens, Matisan 17	Viktim nan te soti nan travay, men te genyen chanje pawòl ant kòleg li yo ki te mennen arestasyon yon chofè depite Rodriguez Sejour ki te gen yon zam ilegal. Selon sa ki di te gen menas sou lavi polisye ki te la. Konsa nan moman viktim nan ap tounen lakay li, nèg ak zam sou moto touye l ak plizyè bal.
Mèkredi 18 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lasalin	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 19 avril 2012 nan lajounen	Toussaint Angeline, yon fanm	Pòtoprens	Viktim nan resewa plizyè kout kouto , nan moman y ap transpòte l Lopital li mouri.
Jedi 19 avril 2012 nan lajounen	Licinfort Widely, 26 lane	Pòtoprens, Wout Pis	Viktim nan mouri nan aksidan yon machin ki te chaje tankou lapolòy, li tante sote li mouri lapoula.
Samdi 21 avril 2012 nan maten	Patrick Sainclair	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmòl pat detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 21 avril 2012 nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Site Solèy, Wout nèf	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè bal , pandan yo t ap dechèpiye pasaje ki nan machin.
Samdi 21 avril 2012 nan maten	Lomela Donnel, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 21 avril 2012 nan maten	Saint Gremain Rony	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 21 avril 2012 nan lajounen	Blanc Renold	Kafou	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 21 avril 2012 nan lajounen	Irma Limoan, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 22 avril 2012 nan maten	Steevenson Lamy	Dèlma, Dèlma 30	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg lopital jeneral.
Dimanch 22 avril 2012 nan lajounen	Ana, yon fanm	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè bal , pandan yo fin dechèpiye l nan yon machin.
Dimanch 22 avril 2012 nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Site Solèy, Wout nèf	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viltim yo ak plizyè bal , pandan yo t ap dechèpiye pasaje ki nan machin.

Lendi 23 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Fontamara 27	Yo lapide viktim nan anba akizasyon vòlò.
Lendi 23 avril 2012 nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Pòtoprens, Ri Sentonore	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Lendi 23 avril 2012 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 24 avril 2012 nan lajounen	Jean Hilaire Milot, yon polisye	Kwadèboukè, zòn ONA vil	Viktim nan te nan yon machin nan moman yon gwoup bandi ak zam fè atak sou li. Yo touye l ak plizyè bal.
Mèkredi 25 avril 2012 nan lajounen	Alexandre Emmanuel	Kafou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Mèkredi 25 avril 2012 nan lajounen	Rodney Saintilus	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak bal nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 26 avril 2012 nan lajounen	2 moun: -Dorcilien Duluc -Willio Ely	Pòtoprens, Ri Makajou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè bal .
Jedi 26 avril 2012 nan lajounen	Jean Charles Merina, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn mouri ak kout kouto moun yo pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 26 avril 2012 nan lajounen	Lafrance, yon fanm	Pòtoprens, Pos Machan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Jedi 26 avril 2012 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Petyon Vil	Viktim nan mouri neye nan yon basen.
Jedi 26 avril 2012 nan lajounen	Delcier Sama	Site Soley	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Vandredi 27 avril 2012 nan maten	2 moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Fontamara 27	Viktim yo te mouri boule nan yon dife.
Vandredi 27 avril 2012 nan maten	Vilamon Isaac	Site Soley, Kazo	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Vandredi 27 avril 2012 nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Dèlma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Vandredi 27 avril 2012 nan lajounen	Valery Frantz	Pòtoprens, Chann Mas	Viktim nan te resewa plizyè kout kouto li mouri lapoula.
Vandredi 27 avril 2012 nan lajounen	Daniel Joseph	Dèlma, Dèlma 10	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
Vandredi 27 avril 2012 nan lajounen	Wilkens Cadely	Dèlma 2, Pak Mari Vensan	Nèg ak zam ki nan yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal .
